



Zetwal espesyal la dirije savan yo ekzakteman kote Mari ak Jozèf te rete ak Jezi. Yo ajenou an adorasyon devan Jezi e yo ba Li yon pakèt kado ki fèt ak lò ansanm ak yon pakèt gwo pafen tou.

19



Bondye avèti savan yo pou yo retounen lakay yo an sekre.

20




21

Rwa Eròd fache anpil lè li aprann sa. Li te si tèlman anraje pou-l touye Jezi, li fè touye tout ti gason nan Betlèyèm ak ozalantou ki te gen mwens ke 2 zan.



22

Sèlman rwa Eròd pate ka konpwomèt plan Bondye. Anvan li fè kalite zak mechanste sa-a, yon zanj avèti Jozèf nan dòmi pou li sove ak Mari ak Jezi al cache nan peyi Lejip.



23

Lè rwa Eròd mouri, zanj lan retounen pale ak Jozèf pou-li di li retounen nan peyi Izrayèl la.

Yo al abite nan ti vil Nazarèt la, bò lanmè Galile-a.

Lè Jezi te fèt

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Matye 1 ak 2, Lik 1 ak 2

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò.

Sèlman, Bondyé renmen nou si tèlman, ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa, Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Kounyé-a Bondyé ka padonnen péché nou yo.

Ou men-m tou, si ou vlé viré do-w bay péché, rémèt Bondyé lavi-w, résisité priyé sa : "Bondyé l'Étènèl, mwen kwè ké Jézi té mouri pou mwen, épi Li résisité ankò. Tanpri, antré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou-m sa gen yon nouvo lavi, pou-m sa toujou maché avè-w pou tout tan. Édé-m viv pou ou, an tan ké pitit ou. Amèn". Jan 3 : 16.

Li LaBib ou épi palé ak Bondyé chak jou !

kréyol Ayisyen

Haitian Creole

Lè Jezi te fèt



Èkri pa Edward Hughes
Illistré pa M. Maillot

Tradwi pa Christine Pierre-Lhermite
Adapté pa E. Frischbutter; Sarah S.

Istwa 36 nan 60

M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa, dépi sé pa pou van-n ou fè li.



1



2

Nan tan lontan, Bondye te voye yon zanj Li ki te rele zanj Gabriyèl pou li te pale ak yon jèn fi, pitit yon Jwif ki te rele Mari.

Zanj lan di Mari konsa "wa pral fè yon pitit e ou va rele Li Jezi. Lemonn pral rele Li pitit Gran Mèt la. Se Li menm ki pral gouvènen jiska la fen dè tan."



"Ki jan yon bagay konsa ka fèt ?" Mari mande tou sezi. "mwen pa janm gen relasyon ak okenn gason!" Men zanj lan di Mari konsa, se pa yon nonm kap papa pitit sa-a paske se Bondye kap voye Li.

3



Zanj lan di Mari ankò ke kouzin li-an ki rele Elizabèt la, pral fè yon pitit tou. Evenman sa se yon mirak tou paske Elizabèt te gran moun. Tou swit apre, Mari al wè Elizabèt e yo bay Bondye glwa ansanm.

4



Mari te fyanse ak yon gason yo te rele Jozèf. Jozèf te tris anpil lè li aprann ke Mari ansent. Li panse ke Mari tap twonpe li ak yon lòt gason.

5



Sèlman, nan yon rèv, zanj Bondye-a di Jozèf konsa ke pitit ki nan vant Mari-a se pitit Bondye. Alò, Jozèf pran Mari abite avèl, pou li te ka ede-l okipe Jezi.

6



Jozèf te fè Bondye konfyans anpil e li te toujou obeyi Bondye tou. An plis de sa, Jozèf te toujou respekte lwa peyi-l tou. Se poutèt sa ke akòz yon nouvo lwa, li menm ak Mari te retounen nan lavil kote yo te fèt lan, pou yo t-al enskri pou premye resansman lèzòm.

7



Lè Mari te rive pou li te akouche. Sèlman, Jozèf pat arive jwenn yon chanm kay lwe ankenn kote e tout lotèl yo te plen.

8



A la fen, Jozèf jwenn yon tonèl kote yo bay bèt manje pou li pare tèt li ak Mari. Mari akouche la tou e li mete Jezi kouche nan yon manjwa ki te gen pay.

9



Nan menm zòn nan te gen gadyen mouton ki tap veye twoupo yo ki tap dòmi. Zanj Bondye-a parèt ba yo e li di yo kalite bòn nouvèl la.

10




Li di yo konsa : "Jodi-a, nan lavil David la, gen yon sovè ki fèt e ki rele Kris Senyè-a. Na va jwenn li kouche nan yon manjwa."

11



Nan menm moman sa, yon pakèt lòt zanj antoure ak limyè parèt, yo tap chante lwanj pou Bondye e yo tap di:

12




"Glwa pou Bondye ki nan Syèl la e lapè sou tè-a pou tout moun ki fè volonte Li".

13




Bèje yo kouri al gade bò tonèl la. Lè yo wè timoun nan, yo mache al di tout moun ke yo wè sa zanj lan te di yo osijè de Jezi.

14



Karant jou apre, Josèf ak Mari Mennen Jezi nan tanp la ki te nan lavil Jerizalèm nan. Te gen yon nonm la yo te rele Simeyon, li pran Jezi nan bra-l e li beni Bondye pandan ke Ana, yon lòt sèvant Bondye kòmanse louwe Bondye.

15



Tou lè de te konnen ke Jezi se te pitit Bondye, sovè Li te pwomèt la. Jozèf sakrifye 2 zwazo. Se te ofrann lwa Bondye te mande pou pote lè yon moun t-ap prezante yon premye pitit gason bay Bondye.

16



Kèlke tan apre, yon zetwal espesyal dirije 3 savan ki tap vwayaje soti nan lès pou yo ale Jerizalèm. Savan yo mande: "Kote rwa Juif ki fèk fèt la ? Nou ta renmen adore Li".

17



Rwa peyi-a ki te rele Eròd, tande pale de sa savan yo tap di. Sa te twouble li e li voye mande yo ki kote yo te tande Jezi rete. Li di yo konsa : "mwen ta renmen adore-l tou" selman, se manti li tap bay. An verite, se touye li te bezwen touye Jezi.

18